



## Tès despitaj sansibilizasyon pou timoun gratis

Chè Fanmi yo,

Li tan pou pwograme tès despitaj sansibilizasyon chak ane pou timoun ou a. Depistaj sa a gratis e li rekòmande pou chak timoun, chak ane nan laj twa lane, kat ak senk lane. Jeneralman, yo ka konplete tès depistaj la nan 45 minit.

Tès depistaj sansibilizasyon pou timoun nan bay enfòmasyon enpòtan sou kwasans ak devlopman timoun ou a. Li ka ede w konprann kijan pitit ou a ap pwogrese nan domèn vizyon, tandem, lapawòl/langaj, sosyal/emosyonèl ak devlopman jeneral. Depistaj yo kapab ede tou idantifye timoun ki ka bezwen plis evalyasyon ak entèvansyon nan laj ti bebe pou anpeche pwoblèm ki pi enpòtan yo parèt pita.

Depatman Edikasyon Rhode Island ak Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD, an anglè) se patnè w pou asire siksè pitit ou a. Nou vle asire tout timoun yo prè anvan yo antre nan matènèl! Tanpri kontakte biwo sansibilizasyon pou timoun (PPSD, an anglè) pou pran yon randevou nan [childoutreachprov.appointy.com](http://childoutreachprov.appointy.com) oswa rele nan (401) 456-9100 x 13231. Gen randevou an pèsòn oswa vityèl ki disponib.

Si w pa abite ankò Providence oswa nan Eta Rhode Island, tanpri kontakte nou pou nou kapab mete dosye nou yo ajou.

Tanpri tcheke sitwèb nou an sou [providenceschools.org/earlychildhood](http://providenceschools.org/earlychildhood) pou plis

enfòmasyon. Sensèman,

Julie Ann Calise  
Kowòdinatè Sansibilizasyon pou Timoun

Yo kapab pran  
randevou anliy kounye  
a sou  
[childoutreachprov.  
appointy.com](http://childoutreachprov.appointy.com)  
oswa klike isit la



Plis enfòmasyon sou [providenceschools.org/earlychildhood](http://providenceschools.org/earlychildhood)

797 Westminster Street • Providence, RI 02903 • (401) 456-9100 • [childoutreachscreening@ppsd.org](mailto:childoutreachscreening@ppsd.org)